

## Pi bon konsèy

Chanje fason w sèvi ak kouran epi desann bòdwo w plis toujou.



# Pi bon konsèy pou **ekonomize kouran** san pwoblèm

Desann bòdwo w avèk konsèy ak enfòmasyon fasil ki gratis, ak pwogram ki pratik

Referans rapid sa a pral ede w kòmanse ekonomize kouran, konsa w ap gen plis tan pou sa ki enpòtan pou ou.

# Pi bon konsèy pou ekonomize kouran san pwoblèm

Desann bòdwo w avèk konsèy ak enfòmasyon fasil ki gratis, ak pwogram ki pratik

## 10 pi bon konsèy nou yo

### FASON POU EKONOMIZE

Si w ap chèche kèk mwayen ki rapid e ki senp pou desann bòdwo kouran w lan, eseye suiv dis pi bon konsèy nou yo pou w ka konsève kouran.

#### Fè ekonomi san efò oswa san depans

**1. Regle tanperati èkondisyone w sou 78° F nan sezon ete. Konsa, pou chak degre ou monte nan tanperati a, w ap ekonomize 5 pousan sou kòb w ap depanse chak mwa pou kenbe frechè nan kay la.**

» Eseye regle l sou 82° F oswa pi wo toujou lè w ap soti, epi regle vantilatè tèmosta w la sou "auto".

**2. Regle tanperati èkondisyone w -sou 68° F nan sezon fre. Konsa, pou chak degre ou desann nan tanperati a, w ap ekonomize 5 pousan sou kòb w ap depanse chak mwa pou chofe kay la.**

» Eseye regle l sou 65° F oswa pi ba toujou lè w ap dòmi oswa lè w ap soti, epi regle vantilatè tèmosta w la sou "auto".

**3. Etenn vantilatè aspirasyon ki nan plafon, nan saldeben ak nan kizin nan lè w pa nan chanm nan ankò oswa apre w fin sèvi avèk yo.**

» Etenn vantilatè ki nan plafon an lè w pa nan chanm nan ankò pou ekonomize jiska \$85 chak ane pou chak vantilatè,  
» Regle vantilatè w pou l vire nan sans kontrè zegui yon òlòj nan sezon ete pou l pouse van an anba. Regle l nan sans zegui òlòj ak nan yon vitès ki dousman nan sezon fre.

**4. Fèmen kay la byen fèmen pou ekonomize, konsa w ap kontwòlè lè k ap sikile a san l pa chape deyò.**

» Fèmen fenèt yo ak pòt ki ouvri deyò yo byen fèmen lè èkondisyone an oswa chofaj la ap fonksyone.  
» Sele toutotou fenèt yo, mete yon bann izolasyon toutotou pòt yo si w santi gen lè k ap pase, epi mete yon bwòs anba pòt ki ouvri deyò yo.  
» Kenbe tout ouvèti kote èkondisyone an ap soufle yo ouvè.

**5. Retire dezèdtan oswa plis sou tan ponp pou pisin nan ap fonksyone chak jou pou ekonomize jiska \$100 chak ane.**

» Pa kite ponp pou pisin nan fonksyone plis pase sizèdtan chak jou nan sezon ete oswa katrèdtan chak jou nan sezon fre.

#### Ekonomize plis ak kèk ti amelyorasyon ki fasil

**6. Anvizaje achte epi enstale yon tèmosta ki entelijan.**

» An mwayèn, ou gendwa ekonomize jiska 3 pousan sou tout sa w ap depanse pou kouran.

**7. Ekonomize \$80 chak ane lè w mete yon tèt douch ki pa konsome anpil dlo nan plas yon tèt douch ki la depi lontan e ki konsome anpil.**

» Se kantite sa a de moun ap ekonomize lè yo sèvi ak yon tèt douch ki pa konsome anpil dlo.

**8. Chwazi aparèy, ekipman elektwonik ak limyè ki kalifye ak ENERGY STAR® pou ekonomize enèji.**

» Pa egzanp, yon machin pou lave rad ak yon frijidè ki kalifye ak ENERGY STAR konsome anviwon 20 pousan mwens kouran pase lòt modèl.<sup>1</sup>  
» Lanp fliyoresan konpak (compact fluorescent lamps, CFL) ak dyòd elektwo-liminesan (light-emitting diodes, LED) ka ede w ekonomize 75-80 pousan sou sa w depanse pou limyè, alòske yo ba w menm kantite limyè.  
» Chak CFL ka fè w ekonomize \$50 sou kouran pandan tout tan anpou la fonksyone.

**9. Kontwòlè limyè w yo anndan kou deyò pou ekonomize.**

» Enstale aparèy ki detekte mouvman sou limyè ki deyò yo.  
» Eseye enstale enteriptè ki pèmèt ou kontwòlè valè limyè ki anndan kay la pou regle nivo limyè a selon sa w bezwen.

**10. Anvizaje enstale yon ponp pou pisin ki gen vitès ki varyab pou ekonomize anviwon \$300 chak ane.**

**Ekonomize 5 pousan sou sa w depanse chak mwa pou kenbe frechè nan kay la**

pou chak degre ou monte tèmosta w la nan sezon ete



<sup>1</sup> Depatman Enèji Etazini. "Aparèy Elektwonik pou kay ki Eifikas ka fè w Ekonomize"  
<http://energy.gov/energysaver/articles/energy-efficient-home-appliances-can-save-you-money>



# Zouti ak pwogram

## FASON W KA EKONOMIZE PLIS TOUJOU

Pou ekonomize plis toujou, eseye zouti gratis nou yo ak pwogram pratik nou yo.

## Jwenn rabè lè w pote amelyorasyon nan efikasite kay la

Nou konnen amelyore efikasite kay ou se yon bagay ki ka koute chè e se pou rezon sa a nou ofri w kèk rabè. Ou gendwa kalifye pou jwenn rabè pou:

### Yon nouvo èkondisyone

Grasa èd nou, ou ka achte yon nouvo èkondisyone ki pi efikas yon fason ki pi senp e ki pi bonmache. Jwenn rabè lè w travay ak yon konpayi endepandan k ap patisipe nan pwogram nan [Participating Independent Contractor (PIC)].<sup>2</sup>

[FPL.com/acssavings](http://FPL.com/acssavings)

### Izolasyon plafon an

N ap ede w anpeche kondisyon metewo ki deyò kay la antrave kalite lè a ak konfò w anndan kay la. Jwenn rabè lè w enstale yon izolasyon ki nan nivo nou rekòmande a pou plafon an lè w travay ak yon konpayi PIC.

[FPL.com/ceilinginsulation](http://FPL.com/ceilinginsulation)

### Tablo Kouran Entènèt la

Ou pa bezwen tann fen mwa a rive pou wè konbyen w ap depans pou kouran. Konekte w sou Tablo Kouran Entènèt ou an pou konprann ki kantite kouran w ap itilize ak sa l ap koute w chak mwa, chak jou oswa chak èdtan. Konsa w ap ka fè yon seri de chwaz ki pi saj pandan mwa a pou desann bòdwo w la anvan w resevwa l.

[FPL.com/EnergyDashboard](http://FPL.com/EnergyDashboard)

### Sondaj pa Entènèt Sou Konsomasyon Kouran nan Kay


Sondaj pa Entènèt Sou Konsomasyon Kouran nan Kay se yon sèvis nou ofri ki gratis e li mache ak Tablo Kouran Entènèt ou an pou fè w konnen ki kantite kouran w ap itilize chak mwa, chak jou oswa chak èdtan. Epi li estime kantite kouran aparèy elektrik ou yo ap itilize, ak kantite kouran klimatizasyon èkondisyone an ak chofaj la ap konsome. Epi tou, li ba w yon plan pou ekonomize kouran, ansanm avèk konsèy ak rekòmandasyon ekspè yo pou ede w ekonomize jiska \$250 chak ane.<sup>3</sup>

[FPL.com/OHES](http://FPL.com/OHES)

### Pwogram "On Call" nou an Pou Ekonomize

Lè w sèvi kòm volontè pou enskri nan pwogram On Call<sup>®</sup> la, ou ka desann bòdwo kouran w lan epi w ka ede nou voye kouran bay tout kliyan nou yo ki nan bezwen. Sa se yon bagay ki bon pou tout moun.<sup>4</sup> Paske w kite nou etenn ekipman ou te chwazi nan kay ou detanzantan,<sup>5</sup> w ap resevwa yon kredi chak mwa sou bòdwo w, konsa w ap ka ekonomize jiska \$137 chak ane.<sup>6</sup>

[FPL.com/OnCall](http://FPL.com/OnCall)



<sup>2</sup> Lis konpayi endepandan k ap patisipe nan pwogram nan [Participating Independent Contractors (PIC)] se yon biznis ki dakò pou yo suiv Nòm pwogram FPL yo. Sa pa vle di FPL rekòmande youn nan konpayi PIC sa yo an patikilye. Se kliyan FPL la ki responsab pou desizyon li pou chwazi, angaje epi jere PIC la. KONPAYI PIC LA PA NI YON AJAN, NI YON PATNÈ, NI YON ANPLWAYE, NI YON MOUN K AP TRAVAY POU FPL. SA VLE DI PI YO PA ANBA KONTRWÒL OSWA SIPÈVIZYON FPL. MEN YO SE KONPAYI KI ENDEPANDAN. FPL PA BAY, EPI FPL REFIZE AKSEPTÈ KÈLKESWA GARANTI OSWA PWOMÈS, KIT LI EKSPRIME AKLÈ, KIT LI ENPLIKE, TANKOU YON GARANTI KI GEN RAPÒ AK VALÈ KOMESYAL, VALÈ POU YON APLIKASYON AN PATIKILYE, KANTITE ENÈJI YON MOUN KA EKONOMIZE, VALÈ OSWA KALITE MATERYÈL KI SIPOZE ENSTALE, OSWA KALITE TRAVAY KONPAYI PIC KLIYAN FPL LA CHWAZI OSWA ANGAJE A KA FÈ.

<sup>3</sup> <http://www.fpl.com/customer/disclaimer.shtml>

<sup>4</sup> Pwogram sa a gendwa chanje oswa kanpe nenpòt lè san yo pa avèti pèsoun.

<sup>5</sup> Pandan yon sityasyon ijans nan sistèm nan (tankou kondisyon metewolojik ekstrèm, oswa lè kapasite FPL yo pa sifi, selon sa FPL desire), pwogram On Call la gendwa aktive pandan plis tan e li ka depase kantite tan ou te aksepte nan kontra w te pase lè w te enskri a.


<sup>6</sup> Ekonomik yo ka varye e sa a depann de -opsyon w chwazi yo.

## Ou gen lòt kesyon toujou?

Ekspè enèji nou yo ka ede w. Jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nou yo ki la pou ede w ekonomize kouran sou **FPL.com**

Pou jwenn dènye enfòmasyon ak dènye konsèy ak pwogram nou yo:

- » Abone w pou resevwa lèt imèl gratis nou an: **FPL.com/eNews**
- » Sipòte nou sou Facebook: **Facebook.com/FPLConnect**
- » Suiv nou sou Twitter: **@insideFPL**



RES11-1510  
38884-HC